



PWOSE VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

mardi 30 mars 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans 30 Mas 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimerè anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Acacia Aguirre; Matt Cregor; Tanya Freeman-wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerrit; Rosann Tung; epi Tamara Wait.

Manb Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Absan: Samuel Acevedo.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Agenda](#)

[Pwosè Vèbal Reyinyon an: mardi 23 mars 2021](#)

[Prezantasyon: Pon Ant Konesans Kolektif: Yon Somè sou Selektivite, Entegrasyon, ak Ekite nan Lekòl Segondè Elit yo](#)

[Prezantasyon: Modèl Chicago pou Enskripsyon nan Lekòl Segondè Selektif](#)

OUVÈTI SEYANS LAN

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamiyen, kantonè, mandaren, pòtigè, somali, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entètèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Mesye Acevedo te absan. Doktè Freeman-Wisdom te entegre reyinyon an pita. Tout lòt manm yo te prezan.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN: mardi 23 mars 2021

Apwouve – Tout Gwoup Entèvansyon an te apwouve pwosè vèbal reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl yo mardi 23 mars 2021 an .

PREZANTASYON

Mesye Cregor te swete byenvini ak de konferansye pou sware a; Michelle P. Burris, Asosye Prensipal Ak Politik yo, ak Richard D. Kahlenberg, Asosye Prensipal, toulède apati de Century Foundation.

Madam Burris te prezante yon rapo ki genyen pou tit: *Bridging Collectives (Konstui Pon ant Konesans Kolektif): Yon Somè sou Selektivite, Entegrasyon, ak Ekite nan Lekòl Segondè Elit yo*. Resamman, fondasyon Century te ko-òganize yon Somè Jèn avèk Lekòl Segondè Hunter College, New York. Se te yon somè avèk divès elèv ak jèn militan nan echèl nasyonal la avèk objektif pou aprann sa lekòl yo nan peyi a ap fè pou refòm estrikti admisyon pa yo, pandan y ap konsantre an patikilye sou wol jèn yo ak sou fason yo kapab fòme yon kowalisyon avèk administrasyon Biden nan. Prensipal pwèn pou kenbe nan somè a se te vwa elèv yo ki konte e dwe anplifye nan nivo lokal, etatik, ak federal, enpòtans militan entegrasyon yo ki p'ap travay nan silo yo, e ke chèchè yo ap prete atansyon ak militan elèv yo.

Richard D. Kahlenberg te prezante yon rapò ki gen pou tit, *The Chicago Model for Selective High School Enrollment (Modèl Chicago pou Enskripsyon Selektif nan Lekòl Segondè)*. Li te bay yon apèsi sou travay li nan Chicago, ak pita nan Charlotte, li t'ap eseye divèsifye lekòl selektif pa yo. Li te esplike lè sistèm lekòl Chicago a te deplase sot nan yon estati dezegregasyon al nan yon estati initè, distri a te vle divèsite rasyal ak ekonomik la nan lekòl selektif yo rete jan yo te divèsifye avan, epi li te ede yo konsevwa yon sistèm ki t'ap legal, divèsifye, ak gran kalite.

Mesye Kahlenberg te esplike ke yo te itilize divès mezi sosyo-ekonomik nan pwosesis admisyon an epi te bay yon apèsi sou kòman Chicago te divize nan nivo ekonomik pa Census Tract, ak kòman 70% plas yo ta alwe yon jan egal ant kat nivo sosyo-ekonomik yo. Nivo sosyo-ekonomik yo konsidere done Census Tract ki egzamine 6 faktè: 1) revni paran, 2) edikasyon paran, 3) to

aksè ak pwopriyete, 4) pwopòsyon fwaye monoparantal 5) pwopòsyon ki pa pale Anglè ak 6) Pèfòmans nan lekòl adomisil.

Mesye Kahlenberg te deklare plan Chicago te kapab adapte ak diferan sikonstans epi te bay egzanp Charlotte-Mecklenburg, North Carolina ki itilize twa nivo sosyo-ekonomik pou pwosesis admisyon pa yo. Yo apiye sou done Resansman yo, men konplete egalman done familyal otodeklare sou revni yo ak edikasyon paran yo.

Mesye Kahlenberg te di ke baze sou Etid Brooking 2019 Egzamen Lekòl yo, Chicago se te distri avèk eka ki pi piti a nan kesyon reprezantasyon rasyal pa rapò ak popilasyon ak popilasyon lekòl piblik jeneral la. Reprezantasyon Ispanik se te sèl domèn ki rete yon eka pi laj. Eka pou reprezantasyon ekonomik lan se te sa ki te pi piti nan Chicago.

Finalman, li te pataje done Whitney Young High School nan Chicago, yon lekòl ke li te panse ki te pi konparab ak lekòl segondè ki plis selektif yo de yon repitasyon akademik. Done yo apati de lekòl sa te endike yon popilasyon trè divèsifye apati de yon pwennvi rasyal, etnik, ak ekonomik.

Madam Sullivan te dispoze pou reponn kesyon yo. Madam Lum te mande si estatistik enskripsyon Whitney Young nan se te enskripsyon aktyèl la ak si te genyen divès done pou reflète ke chanjman yo te fè yo te fè enpak sou distribisyon an. Madam Kahlenberg te reponn ke chif yo date apati de 2019 e ke reprezantasyon an te koyeran pou plizyè ane.

Madam Aguirre te ranseye li sou sis paramèt yo ak pwa yo genyen an nan mezi yo. Madam Kahlenberg te esplike ke Chicago te peze sis faktè yo egalman, pandan ke Charlotte te peze pi lou sou edikasyon paran. Li te di li panse ke modèl Chicago a sanble byen fonksyone nan pwodui divès lekòl ki divèsifye rasyalman, etnikman, ak ekonomikman avèk divès nòm akademik elve.

Mesye Cregor te mande Mesye Kahlenberg pou bay plis detay sou chwa pou pran an konsiderasyon revni ak nivo edikasyon chak fanmi nan Charlotte. Mesye Kahlenberg te di ke genyen avantaj e enkonvenyan ak toulède modèl yo. Avantaj pou konsidere enfòmasyon nan nivo endividyèl sou fanmi yo se si yo ap eseye idantifye talan ak obstak pou simonte, rechèch la montre katye a konte, men fanmi an konte tou. Chicago te reziste ak modèl sa paske yo te preyokipe pa fyabilite.

Mesye Contompasis te mande si Chicago te gen yon plan chwa lekòl ak si te genyen yon limit lekòl yon elèv te kapab aplike ladan l, epi kijan sa te fè enpak sou elèv yo emosyonèlman. Li te vle konnen tou si Chicago te fè yon travay pou idantifye fanmi yo pou sansibilize yo ak opòtinite ki te ofri ak yo. Mesye Kahlenberg te deklare ke elèv yo kapab aplike nan plis pase yon lekòl men pa t li pa t konnen te gen yon limit. Li te deklare tou li pa t konnen okenn rechèch konsènan kijan sa te fè enpak sou elèv yo. Li pa t konnen si distri Chicago a te mete yon pwogram an plas pou rejwenn fanmi yo.

Madam Negasawa te mande kòman done sektè resansman yo ak done deklare endividyèlman yo te konbine oubyen pondere. Mesye Kahlenberg te deklare ke Charlotte te itilize toulède avèk pwa egal. Li te konkli ke kle a se te pou konsidere diferan faktè ak pou pa anfème nan sa lòt kominote yo t'ap fè. Li te panse tou ke se te enpòtan pou fè divès similasyon epi gade kòman ponderasyon diferan faktè t'ap afekte divèsite. Li te panse te genyen yon agiman solid nan yon pwennvi rechèch akademik pou peze done yo sou fanmi ak done sou katye a yon jan egal si done yo te fyab.

KÒMANTÈ PIBLIK LAN AN JENERAL

- Julie Canfield, rezidan nan Roslindale, paran nan Boston Latin School (BLS), te temwanye avèk pwopozisyon pou rann egzamen admisyon nan lekòl yo plis ekitab.
- Edith Bazile, rezidan nan Dorchester, avoka kominotè, te temwanye an favè pou chanje politik admisyon an.
- Harneen Chernow, rezidan Jamaica Plain, paran nan Boston Latin Academy (BLA), te temwanye an favè pou chanje politik admisyon an.
- Yufang Rong, rezidan nan West Roxbury, paran BLS, te temwanye an favè tès MAP la ak pou kreye plis lekòl selektif.
- Eric Shi, rezidan nan West Roxbury, paran nan Ohrenberger, te temwanye kont modifikasyon nan politik admisyon an.
- Lei Ci, rezidan nan West Roxbury, paran nan lekòl BPS, te temwanye kont modifikasyon nan politik admisyon an.
- Vijay Hegde, rezidan nan Jamaica Plain, paran nan BPS, te temwanye kont modifikasyon nan politik admisyon an.
- Emma Yang, rezidan nan Dorchester, paran, te temwanye konsènan kesyon sou pwosesis admisyon yo ane sa.

KÒMANTÈ POU KONKLI

Madam Sullivan te remèsye konferansye yo epi te mande manm yo fè dènye kòmantè yo. Madam Nagasawa, ki refere ak kesyon presedan Mesye Contompasis la, te manson yon pwofesè Loyola University ki te fè rechèch sou elèv Chicago yo ak enpak emosyonèl ke pwosesis egzamen nan lekòl la gen sou yo. Li te pwopoze pou òganize yon seyans dekout elèv pou elèv yo rive bay opinyon yo sou politik egzamen admisyon nan lekòl yo. Manm yo te dakò li ta dwe nan tout vil la epi ouvri ak tout elèv yo, pa sèlman ak elèv BPS yo.

Mesye Contompasis te envite yon fwa ankò manm piblik la pou voye kòmantè alekri pa yo ak Gwoup Entèvansyon an. Li te ankouraje tou manm Gwoup Entèvansyon an pou li atik ki te rive pataje pa Mesye Parvex.

Mesye Sullivan te konkli reyinyon an nan raple piblik la ke politik tanporè a pou egzamen admisyon nan lekòl yo pa genyen yon kwota nan sa ki konsène kòd postal yo e ke pa genyen limit sou kantite timoun yo rive ofri yon syèj an fonksyon de kòd postal la. Li te deklare ke genyen de mekanism atribisyon ki itilize, youn ki nan ran GPA, epi dezyèm nan genyen yon faktè vwazinaj, men san yon limit nan kantite plas ki atribiye an total.

SINEDYE

Nan anviwon 6:40 p.m., Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex
Asistan Administratif